# 10 REZON POU REYINI FANMI AYISYEN-AMERIKEN

1. Yo deja apwouve viza pou 110,000 Ayisyen men moun sa yo oblije tann paket ane anvan yo ka rantre Ozetazini.

2. Yon latriye moun toujou ap viv anba tant, e poko janm gen yon rekonstriksyon serye nan Kapital peyi a apre 4 an depi tranbleman de te a.

3. Prezidan Obama selman gen pou li pase Jeh Johnson nan Department of Homeland Security lod pou li kreye yon pwogram pou fe pwose viza yo mache plop plop.

4. Gen plis ke di mil timoun ki gen mwens ke 18 an ki gen viza yo apwouve e timoun sa yo merite pou yo reyini ak fanmi yo.

5. Ayiti ap travese yon kriz ak maladi kolera a ke milite Nasyonzini yo te mennen nan peyi a apre tranbleman de te a.

6. Sistem ekonomik entenasyonal enjis la fe Ayisyen kite peyi yo paske yo pa touche ase kob ki pemet yo ka okipe tet yo.

7. Yon Family Reunification Parole Program pou reyini fanmi Ayisyen-Ameriken ta ka redui kantite moun kap riske vi yo pou yo rantre nan peyi a.

8. Deja gen yon Family Reunification Parole Program pou Kiben yo. Sipoze gen yon pwogram konsa pou Ayisyen tou.

9. Nou ka ranpote viktwa! Refom imigrasyon pap fet ane sa, men Administrasyon Obama a ka krere yon pwogram pou demontre yo pran ka imigran yo an konsiderasyon.

10. Jistis ki pran tan, se jistis yo pap bay. Justice pou Ayisyen-Ameriken vle di yo ta dwe reyini.

## ***<u>SA'N PRAL FE?</u>***

1) SIYEN PETISYON AN: http://www.bit.ly/reunitehaitianspetition
2)FE PATI KANPAY LAN: info@blackimmigration.net
3)RETE KONEKTE: http://www.blackimmigration.net/